

# Atik 1557: Pwoteksyon Moun yo Kont Diskriminasyon ki Baze sou Sèks

---

Atik 1557 la se yon pwovizyon legal sou dwa sivil nan Lwa sou Swen Abòdab 2010 la. Atik 1557 la entèdi diskriminasyon pou rezon ras, koulè, nasyonalite, sèks, laj, oswa andikap nan sèten pwogram ak aktivite sante. Règleman final Atik 1557 la aplike pou tout pwogram sante oswa aktivite sante, nenpòt pati ladan yo ki resevwa finansman nan men Department of Health and Human Services (HHS, Ministè Sèvis Sante ak Sèvis pou Moun) tankou, lopital ki aksepte Medicare oswa doktè ki resevwa pèman Medicaid; Akò pou Asirans Sante oswa konpayi ki patisipe nan Akò sa yo; ak tout pwogram sante HHS nan jere menm.

Règleman an fè konprann klè ke li entèdi pou fè diskriminasyon ki baze sou sèks dapre Atik 1557 la ki enkli diskriminasyon ki baze sou:

- Sèks yon moun
- Gwosès, akouchman ak kondisyon medikal ki lye ak bagay sa yo

## Pwoteksyon kont Diskriminasyon sou Baz Sèks

- Yo pa ka refize moun swen sante oswa asirans sante sou baz sèks yo.
- Yo dwe trete fanm menm jan ak gason nan swen sante y ap resevwa ak asirans y ap jwenn.
- Yo otorize pwogram sante oswa aktivite ki espesifik ak yon sèks sèlman si enstitisyon an ka demontre yon jistifikasyon ki konvenkan anpil. Pa egzanp, ke pwogram oswa aktivite sante ki espesifik ak yon sèks la enpòtan pou atenn yon objektif ki gen rapò ak sante oswa yon objektif syantifik.

Pou plis enfòmasyon konsènan Atik 1557 la, ale sou [www.hhs.gov/civil-rights/for-individuals/section-1557](http://www.hhs.gov/civil-rights/for-individuals/section-1557).